



# Massachusetts Department of Public Health

## **KONSÈY DE BAZ SOU SANTE BOUCH** Office of Oral Health

**Matthew Horan, DMD, MPH**  
**Direktè Dantè**

# Ki sa k fè pati “Konsèy de Baz sou Sante Bouch”?



Poukisa sante bouch enpòtan?

Ki sa ki fè dan pouri?

Ki jan pou w pran swen sante bouch ou?

Ki lè pou w al wè yon dantis?

Ki jan pou w jwenn swen sante bouch?

Ki sa pou atann nan vizit dantis?

# Avètisman:

- Enfòmasyon sa yo pa ranplase bonjan swen dantè.
- Toujou pale ak moun ki pran swen sante ou pou w egzamine sikonstans pa w yo anvan w fè kèlkeswa chanjman nan woutin sante w (yo).
- Diapozitif sa yo gen ladan n enfòmasyon ki baze sou prèv, men tou li gen ladan l kèk opinyon pwofesyonèl.
- Dokiman medical ak dantè ka chanje nan nenpòt moman pandan yo fè plis rechèch e pandan lasyans ap devlope plis.
- Nenpòt pwodui, konpayi, komèsyal, mak depoze, elatriye ou wè ousman nou site pa vle di nou apiye l oubyen nou rekòmande l.

# Poukisa sante bouch enpòtan?




Sante



Manje



Pale




Souri



Lekòl/Travay



Saliv



Anpeche  
Maladi

# Poukisa sante bouch enpòtan?


- Sante bouch fè pati sante jeneral.
  - Li enpòtan pou tout kous lavi w e pou tout moun.



- Sante bouch konn gen rapò ak maladi kwonik ak kansè.
  - Maladi sik, maladi kè, maladi poumon, moun ki twò gro ...
  - Kansè bouch ak kansè ki gaye nan kò ou



# Poukisa sante bouch enpòtan?




1 sou 3 elèv lekòl segondè fè konnen yo te gen yon dan ki gen kari pandan ane ki sot pase a.

- Kari nan dan se kondisyon kwonik ki pi kouran nan timoun.
- 25% nan elèv lekòl entèmedyè nan Massachusetts fè konnen ke yo te gen kari nan dan yo pandan ane ki sot pase a.
- Adilt ki pa fè anpil kòb, ki pa t fini lekòl klasik, ki nan ras nwa san yo pa nan ras espanyòl, oswa moun ki fimen gen 2 fwa plis chans pou yo gen kari nan dan yo ki pa trete parapò ak lòt gwoup moun.

**Ou ka anpeche gen kari nan dan w.**

# Tretman Dlo Tiyo Leta avek Fliyori pa Kominote an 2021



- N
- Tretman Konple ak fliyori
  - Tretman enkonple ak fliyori
  - Pa trete ak fliyori, gen dlo tiyo leta
  - Pa trete ak fliyori, pa gen dlo tiyo leta

Tanpri, note sa: Gen kèk kominote nan Massachusetts ak nan lòt eta ki fè fas ak ratman pwodui fliyori; sa te kòmanse rive apati fen ane 2021 an. Kidonk, gendwa gen yon diferans ant sa w wè nan kat jeyografik la ak reyalyite a anrapò ak dlo avèk fliyori paske yo gendwa kanpe tretman an pandan yon tan.


Depatman Sante Piblik Massachusetts  
Biwo Sante Oral

# Tretman Dlo Tiyo Leta avèk Fliyori:

Aprann plis sou dlo pa w la!

The screenshot shows the Mass.gov website interface. At the top, there is a navigation bar with 'Menu', 'Select Language', 'State Organizations', and 'Log In to...'. Below this is a search bar with the text 'Search Mass.gov'. The main content area features a blue header with the title 'Community Water Fluoridation Resources' and a sub-header 'Fluoride resources for Massachusetts Certified Water Operators, Local Boards of Health, health professionals, and the public'. Below the header, there are three white boxes with blue text: 'Fluoride monitoring & reporting forms for Water Operators →', 'Oral Health information for Local Boards of Health →', and 'Massachusetts Cities and Towns by Community Water Fluoridation Status →'.

<https://www.mass.gov/community-water-fluoridation-resources>




2021 List of Massachusetts Cities/Towns by Community Water Fluoridation Status

Fully Fluoridated Cities & Towns					
Clinical Recommendations for Infancy, Childhood, and Adolescence for Fully Fluoridated Cities & Towns <sup>1</sup> : (1) Confirm (or refer to) Dental Home, Perform Risk Assessment (2) Apply Topical Fluoride Varnish					
City/Town	Year Began	Population	City/Town	Year Began	Population
Acton	1970	23,634	Lawrence	1983	80,022
Acushnet	2007	10,589	Lexington*	1978	33,304
Amherst	1987	39,995	Lincoln	1971	6,868

2021 List of Massachusetts Cities/Towns by Community Water Fluoridation Status


Non-Fluoridated Cities & Towns					
Clinical Recommendations for Infancy, Childhood, and Adolescence for Non-Fluoridated Cities & Towns <sup>1</sup> : (1) Confirm (or refer to) Dental Home, Perform Risk Assessment (2) Apply Topical Fluoride Varnish (3) Consider Prescribing Oral Fluoride Supplementation					
City/Town	Population	City/Town	Population	City/Town	Population
Abington	16,557	Clinton	13,940	Hawley^	421
Adams	8,084	Colrain	1,772	Heath^	671
Agawam	28,627	Conway^	1,854	Hinsdale	1,721

# Ki sa k lakòz Kari Dantè?



<https://youtu.be/zGoBFU1q4g0>

# Ki sa k lakòz Kari Dantè?



# Ki jan pou w pran swen sante bouch ou?



✓ Fè prevansyon:

- ✓ Pran vaksen epi travay pou w amelyore pwoblèm sante kwonik ou genyen lè w kapab



✓ Evite/diminye abitud ki poze yon danje pou sante w



✓ Chwazi manje ak bwason ki bon pou lasante



✓ Byen dòmi epi fè bonjan egzèsis



- ✓ Chwazi dlo ki gen fliyori



✓ Bwose sifas tout dan w yo 2 fwa chak jou



✓ Fè zanmi, jere sante mantal ou, diminye strès ou

# Ki jan pou w pran swen sante bouch ou?



Avèk dantis la:

---

- ✓ Al lakay li omwen yon fwa chak ane oswa selon sa dantis la di w (suiv “yon dantis” : yon kote w ka ale regilyèman.)
- ✓ Konsantre w sou swen prevantatif epi mande pou:
  - ✓ “Tchèkòp” ak “netwayaj dan”
  - ✓ Veni fliyori (yon melanj fliyori ki ka anpeche dan w fè kari)
  - ✓ Tretman dantè (tretman pou dan ki dire plis tan ki fè prevansyon kont kari)
- ✓ Pa tann jis lè dan w fè w mal anvan w al kay dantis

# Gen plis bagay pou w konnen...

## “Lòt faktè sosyal ki Detèmine Sante”

---

- Anviwònman ak sekirite kote w ap viv la.
- Si w gen Kote w rete. 
- Tout kob ou touche. 
- Edikasyon. 
- Aksè ak swen sante ak kalite l.
- Aksè ak bon manje ak dlo.
- Kominote ak yon sistèm sipò.
- Ak lòt bagay ankò...



Bagay nou pa ka chanje.

---




Sèten pwoblèm sante. Si w bezwen kèk medikaman.



Andikap. Laj. Ras.  
Oryantasyon Seksyèl. Ak lòt bagay ankò...

# Pran swen bouch ou pandan tout lavi w:

- Tibebe – kòmanse netwaye bouch li avek yon twal pwòp ak dwèt ou 2 fwa chak jou.
- Lè l gen premye dan l – kòmanse bwose dan l 2 fwa chak jou.
- Lè l gen nenpot 2 dan ki kole youn ak lòt – kòmanse pase fil dantè nan mitan yo.



- ❖ **Yon ti rapèl – Vizite dantis la anvan l gen 1 an**
- ❖ **Mande pou veni fliyori nan randevou medical ak randevou kay dantis.**

- Granmoun – kontinye suiv menm woutin adilt suiv sof si dantis ou di w yon lòt bagay. Ou ka bezwen yon moun ede w.

- ❖ **Netwaye tout dan w retire yo.**
- ❖ **Fè yon plan pou w jwenn swen pou bouch ou ki sèk.**

- Andikap – tout laj - travay avek dantis ou sou modifikasyon oswa aranjman ou ka fè pou konble bezwen pa w yo.
- Moun k ap pran swen moun ki andikape – tout laj – siveye woutin li suiv epi bwose e pase fil dantè pou li ankò selon bezwen an e si l dakò sa.

- Timoun ki ka krache, kòmanse itilize pat dantifris ki gen fliyori e ki gwosè yon grenn pwa kongo sou bwos la.
  - Timoun – paran an dwe kontinye enspekte/gide l, epi bwose e pase fil dantè pou li ankò, pou asire li byen fèt.
  - Adilt – kontinye yon woutin 2 fwa chak jou
- ❖ **Pa gen danje pou w pran swen dan w pandan w ansent.**

# Bwose Dan w

Abitid Enfòmasyon Baz pou Adilt Bwose Dan yo:



Bwose pandan 2 minit

Bwose tout dan w yo, bòdi jansiv ou, ak lang ou

Itilize yon bwòs dan ki pa di

Itilize pat dantifris ki gen fliyori

Bwose 2 fwa chak jou



<https://youtu.be/xm9c5HAUBpY>

## TI KONSÈY:



- Pa itilize menm bwòs ak yon lòt moun.
- Chanje bwòs dan anviwon chak 3 mwa oswa apre w te malad.
- Si pay bwòs la gaye, li pwobab ou mete twòp presyon lè w ap bwose.
  - *Eseye kenbe bwòs la ak 2 dwèt sèlman olye tout men w.*

# Enfòmasyon Pat Dantifris:

- ✓ Chwazi yon pat dantifris ki gen fliyori
  - Toujou gade “engredyan aktif” ki make sou tib la:
    - Gade si w wè “fluoride ion” ak/oswa “fluoride”

Active ingredient	Purpose
Sodium monofluorophosphate 0.76% (0.15% w/v fluoride ion)	Anticavity
<b>Use</b> helps protect against cavities	

Active Ingredient	Purpose
Sodium Fluoride 0.24% w/w (0.15% w/v Fluoride Ion)	Anticavity toothpaste
<b>Use</b> Helps protect against cavities	



- ✓ Li pi bon si l di “ADA Accepted”® ki vle di Asosyasyon Dantè Damerik la apwouve l

Itilize yon tikras pat (gwochè yon grenn diri) anvan l aprann krache



Itilize yon kantite pat gwochè yon grenn pwa kongo lè l aprann krache

Imaj la soti: <https://www.anzspd.org.au/post/toothpaste#.YzXi23bMJPY>


# Bwose Dan w

Pou Timoun:



<https://youtu.be/kuLxz5lrZ6Y>


Enstriksyon pou Paran &  
Aranjman ki Gendwa Bon:



<https://youtu.be/UQoMtRGjowc>

# E pase fil dantè?

- ✓ Objektif la se netwaye TOUT sifas dan yo lakay ou.
  - Si nenpòt nan dan w yo kole youn ak lòt, fil dantè ka ede w netwaye kote bwòs la pa rive.
- ✓ Pase fil dantè omwen yon fwa chak jou ant chak pè dan ki kole.



Imaj la soti: <https://www.madisonsmilecare.com/blog/post/facts-on-flossing.html>



<https://www.electriceeth.com/best-flosser-flossing-tools/>



<https://www.safcodental.com/catalog/preventives/interdental-brushes/gum-proxabrush-go-between-handles-and-refills?>

# Lòt Ti Konsèy:

## Èske w vle fè plis toujou?


Eseye pa rense bouch ou lè fini.

- ✓ Kite kim pat dantifris la la a.
- ✓ Si w oblije itilize yon rins bouch, chèche youn ki pa gen alkòl e ki prevni kari.




Bwose bouch ou anviwon 1 èdtan anvan oswa apre w manje.

- ✓ Swa anvan, swa apre w manje nan maten.
- ✓ Apre dènye repa w, anvan w dòmi.



Pale ak dantis ou pou w jwenn konsèy anrapò ak “aparèy dantè”, fo dan w ka retire, pwotèj dan, oswa nenpot lòt bezwen w genyen.



<https://nationaldentex.com/products/dentures-partial>



<https://nationaldentex.com/products/appliances>

# Pasyan & Moun k ap Pran Swen I Travay Ansanm:

## Pasyan:

- Ede prepare
- Kote/pozisyon w alèz
- Fè l enteresan selon laj/eta
- Yon bagay pou pi alèz?
- Yon jwèt ou ka vire?
- Sa ka ede w si w fikse yon objektif ak/oswa yon prim

## Moun k ap Pran Swen I:

- Egzamine fason w prepare pou bay swen
- Pasyans
- Kòmanse bonè nan lavi l, suiv yon woutin
- Asire w pasyan an alèz
  - Pa blese l
  - Pran ti poz selon bezwen an
- Fè aranjman pou l pi alèz lè sa posib
- Ba l motivasyon: yon objektif ak/oswa yon prim

# Ki lè pou w al kay dantis?



- ✓ Premye vizit : lè l gen premye dan l
  - Disi premye fèt li 
- ✓ Omwen yon fwa chak ane pou yon tchèkòp
  - Menmsi w pa rete dan nan bouch ou ankò
- ✓ Chèche yon kote ou ka jwenn swen regilyèman, yon “klinik dantè” pou anpeche doulè ak pwoblèm anvan yo kòmanse.

# Bat pou w pa al ale nan sal ijans pou bezwen dantè:

## Sal Ijans:

---

- Ale nan sal ijans si:
  - bouch ou blese grav oswa si w gen yon enfeksyon/anflamasyon ki ran li mal pou w respire oubyen vale
  - machwè w gen gwo pwoblèm (tankou si l fraktire oswa dejwente)
  - dantis ou di w ale
  - ou pa fin sèten ki sa pou w fè oswa si w pa ka jwenn èd

## Dantis:

---

- Ale kay dantis pou tout lòt bagay:
  - doulè jeneral nan dan, dan w rache, fo dan kase, yon dan yo te repare fè w malalèz, dan sajès ou ba w doulè, amalgam oubyen kouvèti dan yo te mete a soti, jansiv ou ap senyen
  - rele e/oswa ale kay dantis la anvan

Pou pifò doulè dan oswa pwoblèm dan, kay dantis la se pi bon kote pou w ale pou w jwenn èd.

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

Fason pou w prepare w: Asirans Dantè

- ✓ Ki jan w ap fè peye?
  - Plan asirans dantè travay ou peye pou ou
  - Medicaid/Medicare, Health Safety Net (Filè Sekirite Sante)
  - Si w pa gen asirans, peye ak pwòp fon pa w
  
- ✓ MA Health Connector (<https://www.mahealthconnector.org/>)
  - Èske w bezwen plis èd?
    - Kontakte sant sante ki nan zòn ou an epi vizite yon ajan asirans fasafas (<https://www.massleague.org/findahealthcenter/index.php>)
    - Moun ki abite Boston: rele sant telefòn sante majistra a nan 617.534.5050

# Ki sa pou atann nan vizit ou a :

## Fason pou w prepare w: Chèche Kote w ka Jwenn Swen

- ✓ Si w gen yon kat asirans, rele nimewo ki ladan l oubyen itilize sit wèb plan an pou w jwenn yon kay-dantis
- ✓ Panse ak youn nan lekòl dantistri leta yo oubyen lekòl ijyèn leta yo
- ✓ Kay dantis prive:
  - Mande lòt moun, cheche sou entènèt, Asosyasyon Dantè Damerik <https://findadentist.ada.org/>
- ✓ Swen dantè pòtatif lekòl ofri pitit ou, sant kominotè, oswa lòt kote
  - Ijyènis dantè sante piblik, sant sante yo fè nan lekòl, oswa pwogram pòtatif
- ✓ MassHealth (Medicaid) oswa Health Safety Net (Filè Sekirite Sante):
  - [https://provider.masshealth-dental.net/MH\\_Find\\_a\\_Provider#/home](https://provider.masshealth-dental.net/MH_Find_a_Provider#/home)
  - Pwogram Dantè MassHealth, Sèvis Kliyantèl: 1-800-207-5019, TTY: 1-800-466-7566

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

Fason pou w prepare w: [Aranjman Espesyal](#)

Lè w ap pran yon randevou, fè yo konnen si w bezwen èd oubyen aranjman espesyal, oswa si w gen nenpot lòt bezwen espesyal.

- ✓ Bezwen woulib oubyen èd pou w rive? Asirans lan gendwa kouvri sa.
- ✓ Bezwen entèprèt ki pale lang ou pale a?
- ✓ Difikilte pou rantre nan “bilding” la? Lòt bezwen nesesè pou moun ki andikape?

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

## Ou pa santi w byen oswa w gen lòt enkyetid?

- ✓ Rele klinik dantis la ou a osito w kapab pou pataje tout sousi ou genyen. Jeneralman yo ka ranvwaye randevou a, sof si se yon ka ijan.
- ✓ Yon lòt opsyon gendwa se swen sante/dantè nan telefòn oubyen anliy.

## Anvan randevou a:

- ✓ Bat pou w pa vini ak lòt moun ki pa nesesè.
- ✓ Verifye adrès la, kote w ap stasyone machin ou, ak si w pap gen pwoblèm pou w rantre nan “bilding” nan.
- ✓ Pote kat asirans ou, si w genyen.

# Sa k pral pase lè w al kay dantis:

## Sa pou w Atann:

- ✓ Y ap mande w suiv kèk règ sekirite.
- ✓ Fè yon lis pwoblèm sante, medikaman, alèji, ak kesyon w genyen.
- ✓ Poze kesyon depi w pa fin konprann yon bagay.
- ✓ Mande konbyen tretman yo pral koute w anvan.

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

## Si w pè al kay dantis:

- ✓ Anpil moun pè al kay dantis.
  - Pou anpil paysan, pwoblèm nan se sa yo pa konnen, santiman tankou yo pèdi kontwòl, oswa yon move eksperyans yo te fè deja. Kreve yon plan ansanm ak ekip kay dantis la.
- ✓ Dantis la ka ba w yon siyal pou w bay si w vle l kanpe nenpòt ki lè, tankou leve men w.
- ✓ Dantis la ka esplike w sa l ap fè pandan l ap travay.
- ✓ Ti konsèy: mete kas, mete yon lenn ki lou sou ou, vire yon jwèt nan men w.

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

## Pandan w nan Chèz Pasyan an:

- ✓ Konsantre w sou swen prevantatif epi mande sa.
  - Netwayaj dan, tretman pou pwoteksyon, veni fliyori.
- ✓ Attan ke yo va egzamine w anvan tout bagay.
  - Ou gendwa bezwen radyografi ak lòt egzamen.
- ✓ Dantis la ap ka di w sa k ap fèt, opsyon ki disponib pou ede w, ak si w ap bezwen medikaman.
- ✓ Dantis la pral pale w de risk ak byenfè ki mache ak diferan opsyon yo. Li pwobab y ap rekòmande plizyè bagay, sa yo rele yon “plan tretman”. Mande yon kopi plan tretman an, egzamine l, epi asire w ou konprann li.

# Ki sa pou atann nan vizit ou a:

## Anvan w kite kay dantis la:

- ✓ Verifeye yo te reponn tout kesyon w te genyen yo.
- ✓ Asire w ou konprann sa pou w fè apre visit ou a ak nenpòt sa w ap bezwen fè anvan pwochèn visit ou a.
- ✓ Poze kesyon sou nenpot pèman ki poko fèt.
- ✓ Asire w ou konprann plan tretman w pral suiv alavni.

# Biwo Sante Oral

Al gade sit wèb nou an:

[mass.gov/orgs/office-of-oral-health](https://mass.gov/orgs/office-of-oral-health)

Si w gen kesyon jeneral, konakte nou nan:

[oral.health@mass.gov](mailto:oral.health@mass.gov)

# Konekte ak DPH



@MassDPH



Massachusetts Department of Public Health



[mass.gov/dph](https://mass.gov/dph)